

Chapit 2. Administrasyon jeneral  
Seksyon 2.59

**Regleman 2.59 Aktivite politik sou pwopriete komite lekòl la**

1. Distri lekòl rejyon Palm Beach angaje l pou asire dwa chak sitwayen jan Konstitisyon ak lwa eta Florid epi Konstitisyon Etazini bay li a. Sepandan, komite distri lekòl la entèdi anplwaye li yo:
  - a. Patisipe nan kèlkeswa aktivite politik pandan yo nan lè travay yo.
  - b. Eseye, kèlkilanswa dirèkteman oswa endirèkteman, pran presyon oswa jwenn sipò nan men kèlkeswa aktivite politik lòt anplwaye komite distri lekòl la.
  - c. Solisite oswa eseye solisite fon nan men anplwaye distri lekòl la pou kèlkeswa kandida, pati politik oswa lòt koz pandan yo sou lè travay yo.
2. Anplwaye distri lekòl la dwe gen tout dwa pou patisipe aktivman nan aktivite politik nan non nenpòt kandida, pati oswa lòt koz yo vle, depi se pa nan lè travay yo.
3. Pa dwe gen okenn pòsyon nan regleman sa a ki ta dwe entèprete pou entèdi yon manb konsèy administrasyon distri a oswa yon anplwaye distri lekòl la pou egzèse nenpòt responsablite oswa devwa ki asiyen pou nenpòt kesyon ki afekte dirèkteman sistèm distri lekòl la oswa ki plase nan bilten vòt pa distri lekòl la oswa anba demand distri lekòl, ki fè konnen ke responsablite konsa konsistan ak volonte kwayans politik pèsònèl anplwaye a.
4. Anplwaye distri lekòl ki poze kandidati yo pou okipe yon fonksyon piblik kèlkonk dwe avèti sipèentandan distri a imedyatman apre yo fin kalifye pou ale patisipe nan eleksyon. Yo dwe prezante yon deklarasyon alekri pou eksplike plan jan y ap fè kanpay elektoral yo yon fason ki pa p entèfere ni an konfli ak responsablite anplwa yo.
  - a. Yo gen dwa pran trant (30) jou konje pèsònèl avan eleksyon an jan li dekri la a.
  - b. Yon kandida konsa dwe adere estrikteman ak Lwa § 104.31 Eta florid la konsènan aktivite politik otorite ofisyèl ak anplwaye yo ap mennen, ikonpri pwofesè yo tou.
  - c. Kandida ki pase nan eleksyon pou yon pòs elektif ki egzije yon responsablite a tan pasyèl dwe prezante devan sipèentandan an imedyatman apre eleksyon an ak apre sa si sipèentandan an jije sa nesèsè oswa devan Konsèy administrasyon distri lekòl la pou yo kapab anvizaje si posibilite pou ranpli doub fonksyon sa yo konpatib.
  - d. Yo kab akòde yon anplwaye distri lekòl la yon konje sabatik san salè oswa san li pa touche pandan yon peryòd tan byen detèmine nan objektif pou l kab prepare kanpay li oswa pou sèvi nan ofis piblik.
5. Kandida politik yo
  - a. Deba oswa Fowòm.—Si gen yon klas oswa yon gwoup ki fè pati lekòl la k ap planifye yon deba politik oswa yon fowòm pandan jou lekòl, direktè/pwofesè/pwomotè a dwe fè sèten tout kandida pou menm pòs la oswa ki gen opinyon diferan sou yon menm kesyon politik, resevwa menm kalite opòtinite egal pou patisipe.
  - b. Aparisyon.—Kandida politik pa otorize pou vin nan yon lekòl, sof si yo ta envite yo vin vizite oswa vin pale devan yon klas oswa nan lòt aktivite ki gen rapò ak lekòl nan lè lekòl yo ap travay. Kondisyon pou vin fè deba ak pale nan fowòm yo aplikab epi yo ta dwe envite lòt kandida pou menm pòs yo vin vizite nan menm lè a tou oswa bay yo menm opòtinite a tou.
    - i. Chak òganizasyon patizan oswa komite politik k ap mande pou vin patisipe gen obligasyon pou prezante dwe gen non ak adrès responsab ofisyèl anchaj li yo, kontribisyon li bay ak depans li fè yo enskri oswa anrejistre kòm sadwa nan Biwo sipèvizè elektoral yo, dapre prensip ki gen nan eta a pou òganize bon eleksyon ak chapit regleman lwa Florid la, lwa 106 la ak lòt lwa ki aplikab yo.
    - ii. Okenn pati nan regleman sa a pa dwe ni anpeche ni defann yon otorite ofisyèl ki te eli ak ki an fonksyon pou parèt sou pwopriete distri lekòl la sou envitasyon yon manb komite dirijan oswa konsèy administrasyon distri a, reprezantan sipèentandan an oswa direktè/tris lekòl la, depi sa antre nan kad atribisyon li kòm ofisyèl leta, men pa nan kad aktivite kanpay elektoral li.
6. Gwoup lekòl yo pa dwe patisipe nan evènman ki klase nan kategori yo:

- a. Aparisyon piblik pou fè pwomosyon politik pou kèlkeswa kandida a oswa enterè politik yon pati politik kèlkonk.
  - b. Aparisyon ki kreye twòp entèferans ak pwogram nòmal lekòl la oswa ki lakoz elèv yo oblije vin gen twòp absans nan klas akòz antrènman ak preparasyon yo blije fè.
  - c. Kote kab vin gen twòp konfli posib ki egziste, direktè/tris lekòl la dwe refere kèlkeswa ka konsa bay sipèntandan an pou apwouve sa oswa pou dezapwouve.
7. Itilizasyon oswa distribisyon materyèl politik nan lè lekòl oswa sou lakou lekòl la
- a. Kourye entèskolè (Pony).—Yo pa gen dwa itilize okenn sistèm kourye entèklas ni entèskolè pou fè distribisyon kèlkeswa materyèl politik la nan lekòl yo. Bilten nouvell regilye yon òganizasyon anplwaye ki abitye sikile ak distribiye nòmalman atravè sistèm kourye *Pony* an pa dwe konsidere kòm materyèl politik, depi se sèlman nouvell òganizasyon an ki gen karaktè politik ki enprime ladan. Sepandan, si nenpòt piblikasyon oswa bilten prensipal ki gen kòm prensipal nouvell aksyon yon komite politik ki sòti ladan, dwe konsidere kòm materyèl politik ki pa gen dwa itilize sistèm kourye pony an pou distribiye li.
  - b. Materyèl politik.—LI entèdi pou distribiye kèlkeswa materyèl politik nan lè travay lekòl la, eksepte si sa fè pati pwogram ansèyman an oswa kò gouvènmantral elèv yo oswa ankò, aktivite politik nan lè travay (ikonpri mesaj elektwonik nan imèl), eksepte sèlman jan regleman sa a oswa regleman 2.591 an pèmèt moun fè sa.
  - c. Elèv yo dwe afiche oswa distribiye materyèl lè gen eleksyon k ap fè pou kò gouvènmantral elèv yo nan lè, kote ak fason ki apwopriye, dapre jan direktè/tris lekòl la detèmine pou sa fèt, yon fason pou evite sa entewonp atmosfè aprantisaj nan lekòl la.
  - d. Kòm sa ki fè pati pwogram ansèyman an.—Pwofesè yo kab itilize materyèl politik nan kad pwogram ansèyman y ap aplike a, depi materyèl sa yo vrèman gen yon rapò ak objektif ansèyman kou y ap bay la. Sepandan, kèlkeswa materyèl politik, kesyon oswa ekspresyon opinyon y ap prezante a, dwe san patipri ak byen ekilibre.
    - i. Pwofesè yo dwe responsab nan bay elèv yo opòtinite egzamine sijè y ap prezante nan kou y ap pran sou diferan aspè oswa sou divès ang, sitou sijè ki kontwovèse yo, men ak yon sèten limit ki pa depase kad kou k ap bay la, epi nan yon nivo matirite ak kapasite entèlektiyèl elèv la, plis tan limite ki disponib pandan klas la.
    - ii. Pwofesè yo dwe pèmèt libète ekspresyon sou sijè ki se sijè ki se sijè opinyon yo yon fason pou elèv yo kab anmezi konpare pwa opinyon ki kontrè yo ak deside sa yo vle. Yo dwe ankouraje elèv yo egzamine, analize, evalye, ak fè sentèz enfòmasyon disponib yo jwenn alapòte yo avan yo tire konklizyon yo pou kab devlope kapasite jijman rasyonèl yo nan pi wo nivo posib.
    - iii. Pwofesè yo dwe fè tout efò posib yo kapab pou ankouraje kay elèv yo tolerans pou opinyon lòt moun ak respè pou dwa tout moun genyen pou ekspri lòt opinyon ki diferan.
    - iv. Yon pwofesè gen dwa ekspri pwòp opinyon pèsònèl li parapò ak yon seri valè oswa kesyon politik, sosyal, ak relijye, depi sa pa anpeche totalite prezantasyon l ap fè nan klas la rete san patipri ak byen ekilibre. Li pa dwa itilize entèraksyon pwofesyonèl li kont elèv yo pou satisfè pwòp avantaj oswa opinyon pèsònèl pa li ni pou avantaj yon lòt moun oswa lòt gwoup kèlkonk.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1001.43(5), Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: §§ 104.31; 1001.43(5); 1012.23; 1012.66; 1001.54; 1012.28, Fla. Stat.

DOSYE ISTORIK: 21/1/98; 24/5/2004